



2018-2019

Yon Mesaj de Sipèntandan Gent

N-ap gade pou pi devan pou akeyi elèv ou yo k-ap retounen nan lakou lekòl nou yo Lendi k-ap 13 Dawou pou yon nouvo ane enteresan k-ap vini dèyè pakèt gwo nouvellè pandan sezon ete-a. Lekòl Piblik yo nan St. Lucie (SLPS) te monte piwo tout bon baze sou akonplisman akademik istorik pa elèv nou yo. Koulyè a nou klase senkyèm (5th) nan eta Florida ki baze sou pousantaj gradyasyon ki te kontinye yon montaj fiks sòti nan “45th” pou ale nan “13th” rive nan “5th” diran kèk dènye ane yo. Sa matche pa kwasans nan grad Distrik nou an. Nou se yon B ki fò – sèlman 1.5% lwen de yon A – epitou nan “22nd”, nou se pami tèt yon tyè (1/3) nan eta Florida. Distrik la te voltije nan twa ane sòti nan 45th ale nan 32nd pou rive nan plas li ye koulyè a nan nimewo 22.

Kenbe anviwònman pou aprann san danje epi an sekirite pou elèv ak anplwaye nou yo gen enpòtans patikilye pou Distrik la. Se poutèt sa ekip nou an, ki gide pa Biwo Cherif nan Kanton St. Lucie (SLCSO), te travay trè serye pandan ete a pou asire ke yon minimòm de yon depite de resous nan lekòl

yo te asiyen nan chak lakou lekòl nan “SLPS”. An plis de sa, Yo te nonmen Chèf Sekirite nan Lekòl yo Brian Reuther kòm Espesyalis Sekirite nan Lekòl yo. Nan wòl sa-a, li te travay an kolaborasyon avèk patnè ki fè respektè lalwa nou yo pou kondwi kèk sondaj sou sekirite ak evalyasyon risk pou tout Lekòl yo nan Distrik la. Li te revize regleman Distrik yo,

pwotokòl pou antrènman, ak modèl pou sekirite anplwaye. Yo te mete an plas yon varyete de resous pou sipòte jefò nan zòn sa yo lè yo itilize resous ak ranfòse

patnèchip nan kominote-a.

SLPS te pran devan nan kesyon sekirite nan lekòl kòm pa misyon-l, epitou nan dènye six (6) ane yo, Konsèy Eskolè a te investi preske \$6 milyon dola nan amelyore sekirite ak anviwònman san danje. Paj 2 a eksplike yon revizyon de travay ke yo te konplete dènyèman osibyen ke kèk pwojè ki sou pye kòm n-ap prepare pou akeyi elèv ou yo pou yon lòt ane eskolè pwodiktif.

KENBE

ANVIWÒNMAN POU APRANN SAN DANJE EPI AN SEKIRITE POU ELÈV AK ANPLWAYE YO ENPÒTAN ANPIL POU DISTRIK LA.



*Yon Sèl Pòt Pou Antre
Yo Refabrike-l*



*SLPS Fyèman Patnè
avèk Anfòsman Lalwa Lokal*



*Multi-ajans de sipò pou Antrene
Anplwaye sou Nouvo Pwotokòl
de Sekirite*



- Amelyore jefò siveyans avèk kamera de sekirite yo
- Redwi kantite de pòt pou antre nan lakou lekòl yo
- Ranfòse pwotokòl yo ki gen rapò ak sekirite nan lekòl ak sal de klas yo ankake ta gen yon menas nan lakou lekòl la
- Delivre pwosedi pwotokòl de sekirite ak dènye nouvèl sou antrenman
- Ranfòse fasilite yo avèk amelyorasyon nan **kloti**, nan alam ak nan entèkòm
- Mete ajou pwosedi ak sistèm ki baze nan lekòl yo pou triye vizitè yo
- Enplimante Taktik pou Estope Krim epitou Kanpay Wè Yon Bagay/Di yon Bagay la
- Fòme yon Komite de Sekirite ant Ajans nan Lekòl
- Elaji sèvis sante mantal pou elèv yo ak pou anplwaye
- Founi Entrenman nan Swen Sante Mantal pou Jèn yo
- Fòme Ekip pou Evalye Menas nan chak lakou lekòl yo
- Enkòpore nouvo pwotokòl ak machasuiv pou aksè nan biwo devan an

Byenke yon gran kantite zafè te deja akonpli, travay enpòtan sa-a ap kontinye fèt, epi kòm n-ap apwoche kòmansman nouvo ane eskolè a, nou rete konsantre sou ranfòse enfrastrikti nou an epitou inifye avèk patnè nou yo nan kominote a pou founi yon anviwònman san danje ak plis sekirite pou anseye ak aprann.

Nou swete tout fanmi nou yo yon ane eskolè ansekirite ak pwodikif.

Sensèman,

E. Wayne Gent

E. Wayne Gent
Sipèentandan



NOUVO PWOTOKÒL AKSÈ PÒT ANTRE A **Mete Sekirite Nan Lakou Lekòl Yo**

Kòm yon pati nan angajman kontinyèl sa-a pou sekirite lekòl la, n-ap enplimante yon nouvo Pwotokòl nan Aksè Pòt Antre ki nan antre prensipal de chak lekòl epi k-ap efektif imedyatman.

Nan pòt devan an li ekspere ke tout vizitè yo pral endike rezon pou vizit yo epi/oswa presize avèk ki moun yo gen yon randevou oswa ki moun yo la pou wè. Yon fwa sa verifye, yo pral peze bouton pou kite vizitè a antre nan bildin nan.

Vizitè yo dwe prezante tèt yo nan ofis prensipal la imedyatman aprè yo antre. Yo pral mande vizitè yo pou montre foto idantifikasyon yo epi obteni yon lesepase pou vizitè.

Li enperatif pou vizitè yo pa kenbe pòt la ouvri pou lòt vizitè ki deryè yo . Yo dwe rekonèt chak vizitè endividyèlman a travè aksè nan pòt pou antre a/sistèm bouton pou lesepase.

Anplwaye ki nan ofis devan an pral oblije rele lapolis epitou avize administrasyon lekòl la ak sekirite si vizitè yo pa koperatif, pa konfòme avèk pwosedi yo, oswa yo vin tounen yon menas.

Nou konnen ke pwotokòl sa-a pi sevè ke pratik nan ane pase yo epi andwa yon enkonvenyans pou vizitè nou yo ki toujou byenveni nan lekòl nou yo; sepandan, sekirite elèv nou yo ak anplwaye nou dwe rete priyorite nou. Si ou ta bezwen klarifikasyon konsènan nouvo pwotokòl la, tanpri kontakte direktè lekòl la, ki pral reponn kesyon ke ou genyen pou asire ke ou konprann ak konfòme avèk pwotokòl nou an. Avèk koroperasyon ou, lekòl nou yo pral gen plis sekirite pou elèv ak anplwaye nou yo.